

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis geus ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

- 1) Kasenian Ronggég Gunung mangrupa salasihiji kasenian has Kabupatén Ciamis. Dina prak-prakanana, dipintonkeun hiji ronggég nu pancénna ngibing jeung nembang, dikurilingan ku nu ngaribing diharudum sarung, sarta dibarengan ku hiji panjak nu pancénna maénkeun waditra tilu ketuk/kenong, jeung dua nayaga nu pancénna nabeuh waditra hiji kendang jeung hiji goong. Ieu kasenian téh mangrupa pituin ti éta daérah, teu kapangaruhan ku unsur musik séjénna, boh musik di saluareun musik Sunda, boh musik Sundana sorangan, saperti karawitan. Lagu-lagu nu dipakéna gé madeg mandiri, henteu sarua jeung kasenian ronggég lianna. Rumpaka laguna dina wangun sisindiran, sarta lamun geus kungsi dihaleuangkeun, teu meunang dihaleuangkeun deui dina éta kasenian. Ieu hal miboga tujuan sangkan nu nongton henteu ngarasa bosen.
- 2) Sajarah munculna kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis raket pisan patalina jeung asupna agama Islam ka tatar Sunda. Ku kituna, bisa diperkirakeun munculna ieu kasenian téh dina abad ka-16. Dina mimitina, ieu kasenian téh mangrupa seni asli Ketuk Tilu anu

satuluyna diasupan unsur ronggég, nepi ka ngahasilkeun kasenian Ronggég Gunung. Baheulana ieu kasenian téh dipaké salaku média pikeun nyebarkeun agama Islam di wewengkon Kabupatén Ciamis. Ieu sajarah téh béda jeung hasil panalungtikan anu saméméhna kungsi dilaksanakeun ku S. Dloyana Kusumah, dina taun 1981/1982. Sajarah kasenian Ronggég Gunung nu kapaluruh tina éta panalungtikan, patali jeung peristiwa kaleungitan hiji jalma anu kacida dipikacinta. Najan kitu, dina intina mah éta carita téh méh sarua baé. Ayana bébédaan eusi atawa vérsi hiji carita téh bisa dilantarankeun ku ayana bébédaan sumber carita. Tradisi carita lisan nu diwariskeun sacara tatalépa, ngamungkinkeun ayana carita anu ditambahan atawa dikurangan ku nu nyebarkeunana. Salian ti éta, ayana bébédaan waktu nu geus lila ogé bakal mangaruhan kana eusi carita nu sumebar sacara lisan.

- 3) Simbol-simbol budaya nu kapaluruh dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Ciamis kabagi jadi dua bagian, nya éta simbol-simbol budaya dumasar hasil wawancara ka sakumna warga Kabupatén Ciamis nu apal pisan ngeunaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, sarta miboga pangalaman ngeunaan éta kasenian, jeung simbol-simbol budaya dumasar hasil analisis semiotik Pierce. Tina hasil wawancara, geus kapaluruh ayana 16 (genep belas) simbol budaya. Éta simbol-simbol budaya téh nya éta tina hal wangun buleudan, ketuk atawa kenong, goong, kendang, ibingan, posisi ronggég, posisi nu ngaribing, gerakan suku dina ibingan, témpo lagu, lagu, sisindiran, éréd, bedog, sarung, pacul, jeung boéh. Tina hasil analisis semiotik Pierce, kapaluruh ayana 5 (lima) simbol budaya,

2 (dua) *ikon*, jeung 1 (hiji) *indeks*. *Ikon* nu kapaluruh nya éta tina hal kasenian Ronggég Gunung jeung kekecapan dina sisindiran, sedengkeun *indeks* kapaluruh tina rumpaka laguna. Simbol budaya kapaluruh tina wangun buleudan dina éta kasenian, éréd, ronggég kalér, ronggég balo, jeung indang.

- 4) Simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis bisa jadi salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya, nya éta “Maca bahasan kasenian”. Ku lantaran matéri ngeunaan simbol-simbol budaya téh kaasup kana matéri nu rada *kompleks*, mangka nu saluyu pikeun meunangkeun ieu pangajaran nya éta siswa SMA kelas XII. Dina pangajaran basa Sunda SMA kelas XII, aya pangajaran “Maca bahasan kasenian”. Matéri ngeunaan simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis bisa dilarapkeun dina éta pangajaran.

## 5.2 Saran

Dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, aya kénéh hal-hal nu bisa ditalungtik. Éta hal-hal nu bisa ditalungtik téh salasahijina aya dina widang sastra, nya éta nalungtik jeung nganalisis leuwih jero ngeunaan rumpaka lagu dina kasenian Ronggég Gunung, anu lolobana téh mangrupa sisindiran. Salian ti éta, bisa ogé diayakeun panalungtikan dina widang budaya, nya éta nalungtik kasenian Ronggég Kalér nu mangrupa hasil pamekaran tina kasenian Ronggég Gunung.